

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran saacanna, ieu panalungtikan téh ngeunaan babandingan struktur novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza. Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun nganalisis struktur carita novél *Pipisahan*, struktur carita pilem *Athirah*, babandingan novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*, sarta motif indéks nu kasampak dina novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Robert Stanton, anu ngawengku kana téma, jeung fakta carita (galur, tokoh, jeung latar). Métodé jeung téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métodé déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén nu digunakeunana nyaéta instrumén pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén pikeun ngolah data. Instrumén pikeun ngumpulkeun data nyaéta instrumén céklis buku sumber, sedengkeun instrumén pikeun ngolah data mangrupa kartu data. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza.

Dumasar kana hasil analisis struktur carita novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*, aya sawatara pasualan anu bisa dicindekkeun. Nilik ana téma, téma anu aya dina novél jeung pilem téh sarua, nyaéta ngeunaan perjuangan wanoja anu ditinggalkeun ku salakina. Boh Emin boh *Athirah*, boga kaparigelan dina ngaput jeung dagang, wanoja minangka tokoh utama di dieu ngabuktikeun yén manéhna bisa ngagedékeun budak jeung ngurus kahirupanana sanajan ditinggalkeun ku salakina.

Nilik kana galur nu dipaké dina novél nyaéta galur campuran atawa galur maju mundur, sedengkeun dina pilem ngagunakeun galur maju (mérélé). Katitén ogé aya kamekaran dina thapan galurna, nyaéta tahap *situation*, *generating circumstances*, *rising action*, *climax*, jeung *denouement*.

Nilik kana tokohna, dina novél jeung pilem tangtuna miboga ngaran anu béda-béda ku sabab carita anu ditémbongkeun ogé béda. Tapi dina penokohanana aya sababaraha tokoh anu miboga sipat anu sarua, diantaranya aya Emin jeung *Athirah* minangka palaku utama anu miboga sipat sabar, teges, parigél, mandiri

dina muka usaha, urut salaki Emin jeung Puang Ajji anu dicaritakeun miboga pamajikan anyar, Ema jeung Indungna Athirah anu miboga sipat wijaksana daék mantuan méré modal pikeun usaha budakna.

Nilik kana latarna, Sasaruana anu katitén nyaéta aya sababaraha patempatan anu dicaritakeun sarua sanajan dina témpat anu béda. Contona di imah anu ngawengku kamar tidur, ruang tamu, dapur, jsb. Di pasar waktu Emin jeung Athirah balanja pikeun bahan daganganana. Di sakola anu nyaritakeun kahirupan boh budakna Emin boh Ucu budakna Athirah anu keur sakola. Sasaruana séjénna nyaéta katembong dina latar sosial anu sarua ngagambarkeun kaayaan jaman harita anu ningalikeun ayana golongan anu beunghar, jeung golongan anu dipikahormat.

Bébédaan latar dina novél jeung pilem nyaéta daérah lumangsungna éta carita. Dina novél dicaritakeun ieu kajadian téh lumangsung di tatar Sunda Jawa Barat, sedengkeun dina pilem dicaritakeun éta kajadian téh lumangsung di Makassar, Sulawesi Selatan. Latar waktu anu digambar keun ogé miboga bébédaan ari dina novél mah leuwih dicaritakeun sacara jelas, sedengkeun dina pilem ngan dicaritakeun beurang jeung peutingna wungkul. Kitu deui jeung latar sosialna adat jeung kabudayaan anu béda unggal daérah, mangaruhan kana kabudayaan anu dicaritakeun boh dina novél boh dina pilem.

Motif anu carita anu kapaluruh nyaéta ngeunaan Motif anu Wijaksana jeung anu Bodo, Motif Sosial, Motif Hadiah jeung Hukuman, Motif Agama, sarta Motif Karakter Jeung Sipat-Sipatna.

Tina hasil panalungtikan ieu, bisa katitén yén babandingan struktur carita novél jeung pilem téh miboga jalan carita nu méh sarua, sanajan lumangsung dina taun jeung tempat nu béda. Sasaruana dina novél jeung pilem ogé kawilang loba ditilik tina téma jeung fakta caritana. Bébédaanana ogé tangtu aya, ku sabab taun jeung latar tempat anu béda téa, contona alesan Emin jeung Athirah waktu ditinggalkeun ku salakina, ogé kahirupan sosial budaya sapopoé Emin jeung Athirah.

## **5.2 Implikasi**

Dumasar kana hasil panalungtikan, dipiharep ayana implikasi nu alus, saperti ieu di handap.

Pikeun panalungtikan, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasahiji cara neuleuman pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna dina widang sastra bandingan. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pustaka rujukan pikeun mahasiswa anu nalungtik sastra bandingan. Anapon pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan sastra boh di tatar Sunda boh di daérah séjén nu bisa dibandingkeun.

### **5.3 Rékoméndasi**

Ieu panalungtikan pasti moal leupas tina kahéngkérangan jeung kaonjoyan. Ku kituna, panalungtik perlu nepikeun rékoméndasi pikeun ayana panalungtikan nu leuwih alus di mangsa nu bakal datang. Rékoméndasi ti panulis, guar deui leuwih loba ngeunaan sastra anu aya di tatar Sunda ogé di daérah séjénna. Ieu hal bisa jadi wadah pikeun meunangkeun pangaweruh ngeunaan kabudayaan jeung kahirupan masarakat ngaliwatan karya sastra contona novél jeung pilem.

Dina ieu panalungtikan tangtuna masih kénéh aya kahéngkérana, loba kénéh pasualan-pasualan séjén nu can kapaluruh. Ku kituna, panulis miharep pikeun panalungtik saterusna bisa nalungtik dua karya sastra séjénna nu leuwih hadé, dina léngkah ngabandingkeun dua karya sastra ogé leuwih hadé upama ngabandingkeun dina genre anu sarua.